

## **Incamake y'integuro yo kungana muvyo gukoresha ubuhinga bwa none**

### **Ico arico VCBB hamwe n'integuro yo kungana muvyo gukoresha ubuhinga bwa none**

Ikigo citwa Vermont Community Broadband Board (VCBB) cashizweho kugira ngo gihe abantu bose baba muri Vermont interinete y'umuvuduko munini yizewe, izira utunenge, izimbutse, canke umurongo wa interineti. Interineti irakenewe kugira ngo ikore ibintu vyinshi nkenerwa, vya buri muni, nk'ishure, akazi, iduka, kuronka ingene wivuzwa, kuraba firime no kwerekana ibindi, no kuganira n'incuti n'imiryango.

Abashingamateka ba Vermont bashizeho ikigo ca Vermont Community Broadband Board kugira gihe abantu baba i Vermont umurongo wa interineti wizewe kandi uzimbutse. Broadband ni umurongo wa internete nziza kandi yihuta, ikenewe ku kazi, kw'ishure, no gusuma. Ni nziza kandi mu kurungika amavideo no kuganira n'incuti n'imiryango.

Mu 2021, Inama yatoye itegeko rigenga ibikorwa nyamukuru n'akazi ku miliyaridi 42.45 z'amadolari kugira ngo bishoboke buri muntu wese aronke kandi aronke akarusho ko kuri interinete. Igice c'ayo mafranga caje muri Vermont kugira ngo ateze imbere integuro n'umugambi wo kungana muvyo gukoresha ubuhinga bwa none mu gihugu cose.

Umuryango Vermont Community Broadband Board wanditse integuro yo kungana muvyo gukoresha ubuhinga bwa none i Vermont. Iherutse kwemezwa na Leta yiyunze. Iyi ni incamake y'iyi nteguro. Urashobora gusoma integuro yose ufyonze kuri iki kiraro(link): [Vermont's Digital Equity Plan](#). Nimba wipfuzwa gusoma integuro yo kungana muvyo gukoresha ubuhinga bwa none mururimi rwawe, urashobora gusaba ko integuro yohindurwa mu rurimi rwawe kuri gusa mukwandikira Britaney Watson kuri [Britaney.Watson@vermont.gov](mailto:Britaney.Watson@vermont.gov).

### **“Ukungana muvyo gukoresha ubuhinga bwa none (Digital Equity)” bisigura iki?**

Bisigura ko buri muntu afise uburyo bukwiye kandi bungana bwo gukoresha ubuhinga bugezweho, harimwo no kuronka interineti kugira umuntu agire uruhara ruboneka mu kibano hamwe no mu butunzi bwa Amerika.

Ukungana muvyo gukoresha ubuhinga bwa none bisigura ko abantu hamwe n'ababanyu bafise ivyo bakeneye kugirango babe bamwe mubagize umuryango hamwe n'ubutunzi. Bisobanura ko umuntu wese bimworohera gukoresha umurongo wa interinete y'umuvuduko munini hamwe n'ibikoresho, kandi bazi kubikoresha.

### **Ikibazo**

Integuro yo kungana muvyo gukoresha ubuhinga bwa none ya Vermont yakozwe hisunzwe ivyiyumviro rusangi vyatanzwe n'ababa i Vermont n'amashirahamwe afasha

abantu baba i Vermont. Twarumvirije abantu baba i Vermont mu nama yo gutega amatwi abanyagihugu, imigwi nyamukuru, biciye kuri imeyiri, guhamagara kuri terefone, no kubazwa. Twaratahuye y'uko hari inzitizi nyinshi canke ingorane zituma abantu batagira interineti.

Twakoze integuro yo kungana muvuyo gukoresha ubuhinga bwa none twishimikije ivyo ababa i Vermont bavuze. Twakoze ibiganiro, duhamagara kuri terefone, dufise imigwi nyamukuru, kandi dufise ibiganiro aho twateze amatwi abanyagihugu. Twaratahuye yuko izo ari inzitizi zibangamira ivyo gusoma no kwandika mu buryo bwa none muri Vermont:

1. Umurongo wa interneti yihuta cane ntabwo uboneka aho batuye.
2. Umurongo wa internet yihuta cane urazimvye cane.
3. Abantu ntibafise mudasobwa canke ikindi gikoresho kugira baje kuri interinete.
4. Abantu ntibibaza ko bakeneye serivisi ya interineti.
5. Abantu ntibazi gukoresha interineti bikwiye canke mu mutekano.

## **Integuro**

Integuro ya Vermont ni ugukorana n'amashirahamwe asanzwe afasha ababa i Vermont. Tuzokorana n'imiryango ifasha abantu hamwe n'iya leta ndetse n'ibigo vyegereye abanyagihugu mukubereka uko bokora (ibibanza mu gisagara abantu bajamwo kurondera amakuru nk'aho gusomera ibitabo, kaminuza, ibigo bishinzwe iterambere ryabakozi /abakozi, ibigo, n'imiryango idaharanira inyungu).

Vermont ifise amashirahamwe menshi afasha abantu baba i Vermont. Aya ashobora kuba ibigo vya leta, imiryango idaharanira inyungu, ibigo, ndetse n'amasomero y'ibitabo. Integuro yacu ni ugukorana nabo kugirango tuzane ukungana muvuyo gukoresha ubuhinga bwa none muri Vermont.

Vermont ifise intumbero zitanu kugira ngo ukungana muvuyo gukoresha ubuhinga bwa none bishikweko. Minsi ya buri ntumbero hari uburyo bumwe bumwe integuroy' I Vermont y' ukungana muvuyo gukoresha ubuhinga bwa none izogerageza gushikako.

1. Kwubaka umurongo wa internet y'umuvuduko munini kugirango ahantu hose muri Vermont hagire umurongo wizewe wa interinete.
  - Kumenya neza ko ibisagara bitobito vyose vyo muri Vermont bifise n'imiburiburi ikigo kimwe kironkora abanyagihugu gifise uburyo bwo kuronka umurongo wa internet yihuta ya gigabit Mbps.
  - Gukorana n'abafatanyabikorwa hamwe nabatanga serivise za interineti kugirango bashireho ibikoresho ku buryo habaho Wi-Fi hanze y'inyubako aho

abantu badafise amazu baja gukorera serivisi (aho kuba, kubika ibifungurwa, n'ibindi).

## 2. Kumenya neza ko serivisi iramba kandi irongowe n'abanyagihugu.

- Kuronka inzira yoroshe kugira abantu baduhe ivyiyumviro vy'uko babona serivisi ya interineti.
- Kumenya neza ko buri kigo kirongora abanyagihugu gifise amakuru yihuse kubijanye na serivise zo kungana mu gukoresha ubuhinga bugezweho kandi mu ndimi zitandukanye.
- Gushiraho porogarama yo kugurana ibikoresho kugirango abantu baba i Vermont bashobore gutizwa mudasobwa, tableti, canke ibikoresho bifasha mu buhinga.

## 3. Kumenya neza ko serivisi ya interineti izimbutse.

- Gukorana n'abatanga serivise za interineti kugirango umenye neza ko hari porograma zifasha mu gutanga umurongo wa internete y'umuvuduko munini, izimbutse, kuraba neza ko zadugijwe mu kwihuta, kandi urabe ko abantu bazikoresha.
- Kumenya neza ko abantu bazi ibikoresho bifasha kugira haboneke ibikoresho vy'ubuhinga bifasha abantu bagendana ubumuga.
- Kumenya neza ko buri rugo rufise umunyeshure yiga mu mashure yisumbuye abamwo rufise igikoresho ca interinete hamwe n'ibikoresho vy'ubuhinga bufasha (namba bikenewe).
- Kuraba uburyo bwo gukorana n'amashirahamwe kugirango umenye neza ko abanyeshure bose bafise ibikoresho. vyo gukoresha interinete.

## 4. Gukora ibishoboka ku bantu baba i Vermont n'ubucuruzi gukoresha interineti kukazi, ku mashure, imyidagaduro, ubuvuzi, nizindi mpamvu.

- Kumenya neza ko ababa i Vermont bose bafise ubufasha bworoshe bwo kwiga gukoresha inyabwonko hamwe na interineti neza. Imfashanyo izogera kuri buri muntu wese kandi iboneka mu ndimi zitandukanye.
- Ibikoresho vyo gukoresha mu buhinga bwa none bizoba bihari kandi bihindurwe mu ndimi nyinshi, harimwo ururimi rwo gukoresha ibimenyetso rw'Abanyamerika hamwe n'inyandiko zisomwa n'impumyi.
- Gushirako inomero ya terefone kugira abantu bashobora guhamagara kugirango bige kuvyerekeye gukoresha ubuhinga bwa none mu buryo bungana.
- Gushiraho porogarama y'ubuhinga bwa none kugirango ifashe abantu kurondera ubufasha bwo kwiga ingene bakoresha interineti n'inyabwonko ndetse no kubikora neza. Guha akazi abantu bafasha abandi muvuyo gukoresha ubuhinga bwa none kandi bava mubo basangiye imico n'akaranga.
- Kumenya neza ko serivisi rusangi zigezweho ziri kumurongo/kuri interinete ziboneka.

5. Gufasha guha ababa i Vermont akazi mu murongo wa interinete y'umuvuduko munini hamwe n'ubuhinga, canke kwiga ubumenyi bushasha bw'ubuhinga bwa none bufasha kuronka ubundi bwoko bw'ubuzi.

### Iyo nteguro iteguriwe ba nde?

Integuro ni iy'ababa i Vermont bose bitaho cane abanyagihugu biboneka ko bafise ibibazo vyinshi vyo kuronka ingene baja kuri interinete kurusha abandi:

- Abantu bafise amikoro make (ingo zinjiza muni ya 150% z'umurongo w'ubukene)
- Abantu barengeje imyaka 59
- Abantu bafunzwe
- Abakukuruke
- Abagendana ubumuga
- Abantu biga Icongereza canke bafise ikibazo co gusoma
- Abantu bava mu bwoko buke canke mu murwi w'inkehwa.
- Abantu baba mu gihugu hagati/mu mitumba.

### Igihe ntarengwa

2024

- Kubandanya gufata ivyiyumviro rusangi
- Gutangura porogarama y'ubuhinga bwa none yo gufasha abantu
- Kubandanya akazi kugira ngo urondere amashirahamwe y'abafatanyabikorwa
- Gutanga impembo (amafaranga y'ayandi mashirahamwe kugirango akore ibikorwa vy'ubuhinga bwa none kuri bose ku rugero rumwe)
- Gukora ubushakashatsi buri mwaka

2025

- Gutangura porogarama
- Gutangura icerekezo c'ubuhinga bwa none (urubuga rwerekana uburyo Vermont iteza imbere ubuhinga bwa none ku rugero rungana n'ahandi)
- Kwandika raporo y'aho ubuhinga bwa none bugeze
- Gukora ubushakashatsi buri mwaka

2026

- Kubandanya porogarama
- Gukomeza intumbero y'ubuhinga bwa none kuri bose

- Kwandika raporo y'aho ubuhinga bwa none bugeze
- Gukora ubushakashatsi ku buhinga bwa none kuri bise buri mwaka

2027

- Kugenzura canke kwemeza ko porogarama zimeze neza (zishobora kubandanya)
- Kubandanya icerekezo c'ubuhinga bwa none
- Kwandika raporo y'aho ubuhinga bwa none bugeze
- Gukora ubushakashatsi ku buhinga bwa none kuri bise buri mwaka

2028

- Kwongera gusuzume porogarama kugira ngo umenye ko zimeze neza
- Gukora ubushakashatsi ku buhinga bwa none kuri bise buri mwaka
- Gushira ku gihe integuro y'ubuhinga bwa none mu buryo bungana kuri buri muntu

### **Imigambi y'integuro yo kungana muvuyo gukoresha ubuhinga bwa none i Vermont muri 2034**

- Inzu zose za Vermont zifise serivise ya interineta yizewe kandi izimbutse (Broadband) irahari iyo bahisemwo kuyironka.
- Nimiburiburi 90% vy'ababa i Vermont bahitamwo kuronka serivisi.
- Nimiburiburi 70% vy'abantu bujije ibisabwa kugirango bafashe serivisi zabo bariyandikishije kugira baronke ubufasha.
- 95% vy'ingo zifise inyabwonko ngendanwa, tablete, canke inyabwonko yo muhira.
- 80% vy'ababa i Vermont bavugaga ko bazi gukoresha interineta kandi babikora neza.
- Hariho n'imiburiburi ubuzi bushasha 200 mu murongo wa internet y'umuvuduko munini.
- Ababa i Vermont barashobora kuronka no gukoresha interineta kugirango bamenye ibijanye no gukoresha serivisi zihari.
- Ibiro vya leta n'amashirahamwe atanga ubufasha ku bantu bakora mu gutanga ubuhinga bwa none ku rugero rumwe muri serivisi zabo.

### **Turashaka kukwigirako**

- Ni iki kikubuza kuba ushobora gukoresha mudasobwa/inwabwonko na interineta mu buryo busobanutse?
- Tubwire ivyagushikiye n'inzitizi zo kuronka interineta na mudasobwa bizimbutse kandi vyizewe no guteza imbere ubumenyi bwawe kuri mudasobwa/inwabwonko?
- Niki cogufasha kugira uje kuri interineta?

- Niba porogarama zibanda ku kwigisha ubumenyi bw'ubuhinga bwa none zitanzwe, ni iki bategerezwa gushiramwo?
- Wigeze kubona porogarama canke serivisi zogufasha?
- Nigute dushobora gushikira abantu bashobora gukenera ubufasha mu kuronka canke gukoresha mudasobwa / interineta? Ni bande wizeye dukwiye gukorana nabo?

Namba ufise ikibazo ushaka kutubaza, twandikire kuri iyi imeyiri [vcbb.info@vermont.gov](mailto:vcbb.info@vermont.gov)